



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 20 MILYON DOLA DISPONIB POU AMELYORE
SEKIRITE PIBLIK AK SISTÈM KOMINIKASYON IJANS LOKAL YO**

***Finansman sibvansyon ki disponib kounye a pou konte ki elijib yo pou amelyore
echanj enfòmasyon radyo mobil tèrès pou ajans sekirite piblik yo***

***Dat limit lan se 8 septanm 2023; Ou ka jwenn demann pou aplikasyon ak plis
enfòmasyon [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 20 milyon dola pou amelyore sistèm kominikasyon ijans Eta yo atravè Pwogram Sible an tèm Sibvansyon Kominikasyon pou Echanj Enfòmasyon Eta (State Interoperable Communications Grant, SICG) ki ranbouse konte ki elijib yo atravè eta a pou divès aktivite ki asosye ak sistèm kominikasyon ijans yo. Objektif finansman sibvansyon ane sa a vize amelyore estati echanj enfòmasyon radyo mobil tèrès yo pou ajans sekirite piblik yo ki nan New York, ansanm ak eta fwontyè li yo.

"Nan yon sitiyasyon ijans, chak segonn konte", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sibvansyon sa a pral ede asire kominote nou yo atravè eta a gen zouti kominikasyon modèn yo bezwen pou yo aji rapid ak efikas pou pwoteje Nouyòkè yo epi sove lavi yo."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Kominikasyon se kolòn vètebral repons pou ijans epi finansman sa a pral amelyore ekipman sekirite piblik nou yo toupatou. Konte yo ka aplike pou finansman sa a pou amelyore sistèm kominikasyon ki egziste deja yo."

Gen yon total 20 milyon dola nan finansman Eta ki disponib pou konte ki elijib yo pou sipòte objektif prensipal finansman pwogram yo, tankou amelyore redondans ak rezistans nan sistèm radyo sekirite piblik yo, elaji kouvèti asirans ak kapasite bann frekans Chanèl Echanj Enfòmasyon Nasyonal yo, epi devlope oswa amelyore radyo pataje ak lòt sistèm yo.

Aplikasyon yo ouvri kounye a epi dat limit pou pwogram Sible SICG a se 8 septanm 2023.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite [sitwèb](#) Sibvabsyon DHSES la.

Gouvènè Hochul te anonse anvan sa lòt investisman ak mezi pou amelyore sèvis repons ijans nan tout eta a nan bidjè ane fiskal 2024 la, sa gen ladan:

- 105 milyon dola pou modènize Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operations Center), ki sèvi kòm pwèn ki santralize nan Eta a kote aktivite preparasyon ak repons ijans yo kowòdone pou tout gwo ijans yo.
- 25 milyon dola pou bay sibvansyon kapital pou depatman ponpye volontè yo pou konstriksyon, renovasyon, oswa acha enstalasyon ak ekipman.
- 20 milyon dola pou ede konte yo fè tranzisyon nan yon rezo 911 Pwochè Jenerasyon ki ta konekte ak Sant Apèl Sèvis Piblik (Public Service Answering Points, PSAP) nan chak konte.
- 10 milyon dola pou bay yon prim ke Eta a finanse bay ponpye ki konplete fòmasyon debaz la.
- Yon total 45 milyon dola nan sibvansyon Sible SICG disponib pou konte ki elijib yo ak Vil New York.
- 10 milyon dola sibvansyon pou kandida ki elijib yo pou sipòte operasyon ak amelyorasyon PSAP yo. Eta a bay ranbousman pou depans operasyon yo, enkli depans pèsònèl yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418